

**NGUNDHAKAKE KAWASISAN NULIS *TEMBANG MACAPAT*
SISWA KLAS IX A SMP NEGERI 3 KEDUNGWARU
KANTHI MODHEL PASINAON *THINK TALK WRITE*
LUMANTAR MEDHIA GAMBAR
TAUN AJARAN 2015/2016**

JURNAL SKRIPSI



**Dening
SRI BINTARTI
13020114097**

**UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH
2015**

UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
Alamat: Kampus Lidah Wetan Surabaya, No. Telp. (031) 7522876/75322160

KEORISINILAIAN PENULISAN SKRIPSI

Yang bertanda tangan di bawah ini, saya :

Nama : Sri Bintarti
Tempat tanggal Lahir : Trenggalek, 25 Juli 1968
NIM : 13020114097
Program Studi : S-I/SKGJ
Alamat : Jl. Kimangun Sarkoro Gg. I/20 Tulungagung

Menyatakan dengan sesungguhnya bahwa:

- (1). Skripsi yang segera diujikan ini adalah benar- benar pekerjaan saya sendiri (bukan hasil jiplakan, baik sebagian atau seluruhnya).
 - (2). Apabila pada kemudian hari terbukti/dapat dibuktikan bahwa skripsi ini hasil jiplakan sebagaimana yang termaksud pada nomor (1), saya akan menanggung resiko diperkarakan oleh urusan Pendidikan Bahasa Daerah FBS UNESA.
- Demikian surat pernyataan ini saya buat dengan kesadaran yang tinggi.

Dosen Pembimbing,


Dr. Murdiyanto, M.Hum
NIP 195502101985031002

Surabaya, 12 Desember 2015
Yang menyatakan,


Sri Bintarti
NIM 13020114097

Mengetahui.
Plt. Ketua Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah

Dra. Sri Sulistiani, M.Pd
NIP 196710161993022001

**Ngundhakake Kawasisan Nulis Tembang Macapat
Siswa Klas IX A SMP Negeri 3 Kedungwaru Kanthi Modhel Pasinaon Think
Talk Write Lumantar medhia Gambar
Taun Ajaran 2015/2016**

Sri Bintarti, Dr. Murdiyanto, M.Hum
Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Surabaya
bintartisri@gmail.com

Abstrak

Panliten iki nggunakake cara pasinaon Think Talk Write, yaiku strategi kang nggunakake tembang pocung medhiane lan nuntut murid supaya nggoleki unsur intrinsik kang kinandhut ing sajeroné tembang pocung. Panliten iki kalebu PTK amarga saben siklus ana patang tahapan, saengga nggunakake syntax (siklus). Panliten iki kaperang dadi 2 siklus. Ing saben patemon ana 4 tahapan kang kudu ditindakake, yaiku tahap ngrencanakake kegiatan, nindakake kegiatan, observasi lan refleksi. Panliten iki nggunakake metodhe deskriptif kualitatif lan teknik ngumpulake data nggunakake observasi, tes lan lembar cathetan kanthi pangolahane data nggunakake kualitatif.

Asil panliten iki nuduhake yen asile pasinaon murid ing materi ngapresiasi tembang pocung saya ningkat sawise nggunakake modhel *Think Talk Write*. Kanthi biji katuntasan minimal 75 lan katuntasan kelas kudu nggayuh 75%. Ing siklus I ana 14 murid utawa 56% kang tuntas lan 11 murid utawa 44% durung tuntas. Ing siklus II murid kang tuntas dadi 20 murid utawa 80%, dene 5 murid utawa 20% durung tuntas. Ing siklus I persentase aktivitas guru 67.5% lan ing siklus kang pungkasan utawa siklus kang pungkasan utawa siklus II persentasine saya ningkat dadi 87.5%. Aktivitas murid ing siklus I kasil nggayuh persentase 67.5% ing siklus II, persentasene saya ningkat dadi 85%. Anane owah – owahan ing asile evaluasi murid sarta aktivitas guru lan murid bisa disimpulkan yen modhel *Think Talk Write* bisa ningkatake kawasisan nulis tembang macapat murid kelas IX A SMP Negeri 3 Kedungwaru.

PURWAKA

Landhesane Panliten

Pasinaon sastra nduweni peranan wigati lan menèhi pangaribawa tumrap watak, lan kepribadhen siswa kanthi lisan utawa non lisan. Sajrone pangecakane pasinaon sastra dudu mung pasinaon ngenani teori-teori sastra, nanging siswa kudu bisa ngandharake pamikire lan pangrasane lumantar sastra (Depdiknas,2006:4).

Adhedasar asil pasinaon ngenani nulis tembang macapat ing kelas IX A, katrampilan nulis tembang macapat ing kelas IX A isih asor. Bab kasebut bisa dideleng saka bijine siswa kang ana ing sangisore Kriteria Ketuntasan Minimal (KKM) kang ditrapake sekolah. Kabukti saka asil pasinaon nulis tembang macapat sadurunge, isih akeh kang bijine sangisore KKM kanthi prosentase ketuntasan 45% saka jumlah siswa. Isih akeh siswa kelas IX A kang durung bisa nyusun tembung-tembung kanthi lirik endah lan salaras karo paugeran sajrone pasinaon nulis tembang macapat dadi tembung utawa ukara kanthi bener lan trep tumrape tembang macapat. Bab iku bisa nuwuhake pangaribawa marang pasinaon sabanjure lan njalari biji kang diantuki para siswa kurang saka KKM kang wis ditemtokake dening sekolah, yaiku 75. Kanthi KKM 75 tegese siswa kudu bisa nggayuh biji 75% saka skor maksimal. Biji kang kurang saka KKM njalari para siswa kudu melu remidi.

Siswa ngalami maneka alangan sajrone nulis tembang macapat amarga durung bisa nggathukake tembung-tembung kasebut sajrone gatra adhedhasar paugerane *tembang macapat*. Maneka kendhala kasebut, ing antarane, yaiku (1) siswa isih durung maksimal sajrone mahami materi kang diwenehake guru, amarga materi kasebut minangka materi teoritis banjur nyebabake siswa *bosen*, (2) siswa ora bisa nulis tembang macapat amarga kurange inspirasi, lan (3) kurange medhia pasinaon kang dienggo sajrone ngembangake semangat pasinaone siswa.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, panliten sabanjure ngandharake ngenani pasinaon nulis tembang macapat nggunakake modhel pasinaon *Think Talk Write* lumantar medhia gambar. Panliten iki dikarepake bisa ngundhakake kabisaan nulis tembang macapat mligine tumrap siswa kelas IX A SMPN 3 Kedungwaru. Pasinaon ngaggo modhel *Think Talk Write* lumantar medhia gambar iki bisa weneh pangaribawa lan manfaat kanggo nggayuh salah sawijining tujuan umum pasinaon mata pelajaran basa Jawa ing SMP, yaiku siswa nduweni kabisaan sajrone ngandharake ekspresi diri tumrap karya sastra.

Modhel *Think Talk Write* miturut Hunker lan Laughlin (sajrone Martinis lan Ansari,2012:84), yaiku salah sawijining tipe pasinaon kooperatif kang kaperang saka sawijining klompok kang nduweni tanggung jawab ngerteni bageyan materi pasinaon lan bisa mulangake materi kasebut marang anggota sajrone klompok. Modhel *Think Talk Write* bisa ndadekake

siswa bisa mikir, micara, lan sabanjure nulis ngenani sawijining topik. Modhel pasinaon *Think Talk Write* dienggo kanggo ngembangake tulisan kanthi lancar lan nglatih basa sadurunge nulis basa kasebut. Miturut pamawase Arief (2009: 29), gambar utawa foto yaiku medhia kang paling umum digawe, dingerteni, lan dinikmati saengga nggampangake siswa sajrone ngandharake idhe amarga kanthi gambar kasebut bisa ngrangsang kreatifitas siswa.

Panganggone modhel pasinaon *Think Talk Write* lan medhia gambar nduweni tujuwan nggampangake siswa kang lemah idhe nalika nulis tembang macapat. Bab iki sabanjure kang dadi lelandhasane panliten "Ngundhakake Kawasisan Nulis Tembang macapat Siswa Kelas IX A SMP Negeri 3 Kedungwaru kanthi Modhel Pasinaon *Think Talk Write* Lumantar Medhia Gambar Taun Ajaran 2015/ 2016".

Undherane Panliten

Adhedhasar lelandhesan panliten ing ndhuwur, kang dadi underane panliten, yaiku:

- 1) Kepriye undhak-undhakane keaktifan siswa kelas IX A SMPN 3 Kedungwaru sajrone nulis tembang macapat kanthi modhel pasinaon *Think Talk Write* lumantar medhia gambar?
- 2) Kepriye undhak-undhakane keaktifan guru kelas IX A SMPN 3 Kedungwaru sajrone tembang macapat kanthi modhel pasinaon *Think Talk Write* lumantar medhia gambar?
- 3) Kepriye undhak-undhakane asil pasinaon siswa kelas IX A SMPN 3 Kedungwaru sajrone nulis tembang macapat kanthi modhel pasinaon *Think Talk Write* lumantar medhia gambar?

Ancase Panliten

Tujuwane panliten adhedhasar underane panliten kang kaandharake ing ndhuwur, yaiku:

- 1) Ngandharake undhak-undhakane keaktifan siswa kelas IX A SMPN 3 Kedungwaru sajrone sajrone nulis tembang macapat kanthi modhel pasinaon *Think Talk Write* lumantar medhia gambar.
- 2) Ngandharake undhak-undhakane keaktifan guru kelas IX A SMPN 3 Kedungwaru sajrone sajrone nulis tembang macapat kanthi modhel pasinaon *Think Talk Write* lumantar medhia gambar.
- 3) Ngandharake undhak-undhakane asil pasinaon siswa kelas IX A SMPN 3 Kedungwaru sajrone sajrone nulis tembang macapat kanthi modhel pasinaon *Think Talk Write* lumantar medhia gambar.

Paedah Panliten

Panliten iki dikarepake bisa aweh paedah tumrap panliti, guru basa Jawa, lan siswa. Paedahe panliten, yaiku:

- 1) Paedah kanggo siswa, yaiku weneh pengalaman anyar sajrone nyinaoni karya sastra mligine nulis tembang macapat kanthi modhel pasinaon *Think Talk Write* lumantar medhia gambar.
- 2) Paedah kanggo guru basa Jawa, bisa didadekake *alternatif* sajrone milih pendhekatan lan medhia

kang apik lan cocog kanggo pasinaon nulis tembang macapat.

- 3) Paedah kanggo panliti, bisa oleh pengalaman ngenani panliten ing bidhang pasinaon kasusatran mligine nulis tembang macapat adhedhasar tema kanthi medhia gambar adhedhasar pendekatan komunikatif.

Wewatesane Tetembungan

Wewatesan tetembungan ing panliten iki dikarepake bisa ngedohake saka salah teges anggone negesi tetembungan sajrone judhul panliten. Mula saka kuwi wewatesane tetembungan ing panliten iki, yaiku:

- 1) Modhel *Think Talk Write*, yaiku salah sawijining tipe pasinaon kooperatif kang kaperang saka sakalungguhangan anggota sajrone sawijining klompok kang nduweni tanggung jawab ngerteni bageyan materi pasinaon lan bisa mulangake materi kasebut marang anggota sajrone klompok. Hunker lan Laughlin (sajrone Martinis lan Ansari,2012: 84)
- 2) Katrampilan Nulis, yaiku salah sawijining katrampilan basa kang nuntut kabisan ngandharake pamikiran, gagasan, lan idhe ing sawijining tulisan. Tulisan kasebut nuntut anane pengalaman, wektu, latiyane, kesempatan, katrampilan, lan pasinaon langsung (Tarigan,1996:8).
- 3) Tembang macapat, yaiku tembang cilik minangka puisi Jawa tradisional kang kaiket paugeran guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu (Padmosoekotjo, 1953:12-13).
- 4) Gambar utawa foto yaiku medhia kang paling umum digawe, dingerteni, lan dinikmati saengga nggampangake siswa sajrone ngandharake idhe amarga kanthi gambar kasebut bisa ngrangsang kreatifitas siswa. (Arief,2009: 29).

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten kang Saemper

Pasinaon basa Jawa ing bidhang sastra tumrap jenjang pasinaon isih akeh kang ora bisa. Kayata ing pasinaon nulis *tembang macapat*. Adhedhasar pengalaman lan observasi, akeh siswa kang kangelan sajrone pasinaon. Saliyane kuwi uga ana sakalungguhangan panliten kang uga ngrembag ngenani pasinaon nulis *tembang macapat*.

Fauziah (2006) sajrone skripsine kanthi irah-irahan *Peningkatan Kemampuan Menulis Tembang macapat kanthi Tata cara Pengamatan Objek kanthi Langsung ing Siswa Kela VII F 16 Semarang Tahun Pelajaran 2005/2006*

Katrampilan Nulis

Nulis minangka salah sawijining katrampilan basa kang dienggo sajrone komunikasi kanthi ora langsung. Katrampilan nulis ora diolahake kanthi alami, nanging kudu lumantar proses sinau lan latihan. Adhedhasar wateg, nulis uga minangka katrampilan basa kang *produktif* lan *reseptif*. Sajrone andharan iki, panliti ngrembag bab-bab ngenani katrampilan nulis,

ing antarane yaiku: (1) tegese nulis, (2) tujuwan nulis, (3) paedah nulis, lan (4) langkah-langkah nulis.

Tegese Nulis

Nulis minangka kagiyatan nuwuhake pamikiran lan pangrasa kanthi tulisan. Bisa uga ditegesi, nulis yaiku komunikasi ngandharake pamikiran, pangrasa, lan kehendhak marang wong liya kanthi tinulis (Suriamiharja,1997: 2).

Parera (1993:3) ngandharake menawa nulis minangka sawijining proses kang bisa ditegesi kanthi maneka tahap gegandhengan karo nulis. Nulis yaiku nglukisake lambang-lambang grafik kang nggambarake sawijining basa kang dipahami dening sawijining pawongan, saengga wong liya bisa maca lambang-lambang grafik kasebut. Banjur miturut Sujanto (2009: 58), nulis minangka sawijining proses kang ditindakake dening pawongan kang sinebut penulis kanthi nggunakake basa minangka medhia supaya diwaca dening pamaca minangka sasaran.

Adhedhasar pamawas ing ndhuwur, bisa didudut menawa nulis yaiku kagiyatan ngandharake idhe, pamikiran, lan pangrasa marang wong liya utawa marang wong kang nulis kanthi wujud tulisan.

Tujuwan Nulis

Tarigan (2008: 24) ngandharake pamawase ngenani tujuwan nulis, yaiku:

- 1) Tujuwan penugasan (*Assignment Purpose*), tujuwan penugasan iki sejatine ora nduweni tujuwan. Tujuwan nulis amarga ditugasake nulis dudu kerana kapenginan penulis.
- 2) Tujuwan *auluristik*, panulis nduweni tujuwan nyenengake para pamaose, kapengin weneh pitulungan marang pamaos supaya bisa paham, ngregani pangrasa lan penalaran, lan kepengin nggawe urip para pamacane kanthi gampang lan nyenengake lumantar karyane.
- 3) Tujuwan *Persuasif*, yaiku tulisan kang nuweni tujuwan kanggo weneh keyakinan marang pamaos ngenani kabeneran gagasan kang diandharake panulis.
- 4) Tujuwan *Informasi*, yaiku tulisan kang nduweni tujuwan weneh informasi utawa katrangan utawa kejelasan marang pamaose.
- 5) Tujuwan *Pernyataan Diri*, yaiku tulisan kang nduweni tujuwan nyatakake diri, tujuwane kanggo nggayuh nilai-nilai artistik utawa nilai-nilai kesenian.
- 6) Tujuwan *Kreatif*, tulisan kang dnuweni tujuwan kanggo mecahake sawijining masalah, nerangake, lan nliti kanthi cermat pamikiran-pamikiran lan gagasan supaya bisa dingerteni lan ditampa dening pamaos.

Miturut D'Angelo (sajrone Tarigan,1987:22) tujuwan nulis yaiku ngandharake sawijining kahanan ngenani sawijining pawongan. Tulisan ngandhut nada kang salaras karo maksud lan tujuwane. Bisa diterangake menawa nulis ora mung majibake milih sawijining pokok pawicaran kang cocog lan trep,

nanging uga kudu nemtokake sapa kang bakal maca tulisan kasebut, sarta apa maksud lan tujuwane panulis.

Adhedhasar maneka pamawas ing ndhuwur, bisa didudut menawa tujuwan nulis yaiku ngungkapake gagasan kanggo menehake informasi, weneh solusi ngenani sawijining perkara, weneh pangaribawa utawa nglipur pamaos

Paedahe Nulis

Akhdiah dkk. (1998: 1) ngandharake menawa guna saka nulis, ing antarane yaiku kanthi nulis bisa luwih ngerteni lan kenal kabisan lan potensi diri, saka kagiyatan nulis bisa ngembangake manek agagasan, kagiyatan nulis meksa panulis luwih akeh nyerep, nggoleki, sarta ngerteni informasi ngenani topik kang ditulis. Ategeses nulis kuwi bisa ngordinasekake gagasan kanthi sistematis sarta ngungkapake kanthi sinerat. Miturut Tarigan (2008: 3) nulis minangka sawijining katrampilan basa kang dienggo kanggo komunikasi kanthi ora langsung.

Tembang macapat

Tembang macapat, yaiku kasusastran Jawa kang kalebu tembang cilik. *Tembang macapat*, yaiku puisi Jawa tradisional kang kaiket paugeran guru gatra, guruwilangan, lan guru lagu (Padmosoekotjo,1953: 12).

Tembang macapat iku tetembangan *klasik* jawa kang mula bukane jaman para Wali. Mulane isi lan cerita kang ana ing sakjroning tembang-tembang *macapat* akeh kang isine budi luhur, akhlak, lan kabudayan agung. *Tembang macapat* kabehe ana sewelas. Awake dhewe akeh kang wis tau krungu *tembang macapat*, nanging akeh sing durung ngerti ana filsafat lan urutaning *tembang macapat* iku. Sak durunge, ana ing *tembang macapat*, ana istilah Guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu. Guru gatra yaiku cacahing baris ana ing sak pada (bait), guru wilangan yaiku cacahing *suku kata* ana ing saben gatra (baris), lan guru lagu yaiku tibaning swara (*vokal*) ana ing pungkasaning gatra/baris.

Ing ngisor iki ana 11 tembang macapat karo katrangan guru gatra, guru lagu lan guru wilangan.

Tabel
Jinis lan Titikane Tembang Macapat

Jenis Tembang	Guru Gatra	Guru wilangan lan guru lagu saben baris
Maskumambang	4	12i 6a 8i 8a
Pocung	4	12u 6a 8i 12a
Megatruh	5	12u 8i 8u 8i 8o
Gambuh	5	7u 10u 12i 8u 8o
Mijil	6	10i 6o 10e 10i 6a 6u
Kinanthi	6	8u 8i 8a 8i 8a 8i
Durma	7	12a 7i 6a 7a 8i 5a 7i
Asmaradana	7	8i 8a 8e 8a 7a 8u 8a
Pangkur	7	8a 11i 8u 7a 12u

		8a 8i
Sinom	9	8a 8i 8a 8i 7i 8u 7a 8i 12a
Dhandhanggula	10	10i 10a 8e 7u 9i 7a 6u 8a 12i 7a

Tembang Pocung

Tembang Pocung yaiku salah sijine tembang macapat kang gampang ditembangake. Tuladhane kaya ing ngisor iki :

*Ngelmu iku kalakone kanthi laku
Lekase lawan kas
Tegese kas nyantosani
Setya budya pangekese dur angkara*

Watak Tembang Macapat

Saben tembang nduweni watak kang beda saka jenis tembang liyane. Watak tembang kuwi wis diandharake ing saperangan buku kasusastraan Jawa.

Tabel
Watak Tembang Macapat

No	Tembang	Watak
1	Pocung	Gregetan kendho
2	Gambuh	Sumanak, sumadulur
3	Durma	Kereng, nesu
4	Pangkur	Prihatin
5	Sinom	Ethes
6	Kinanthi	Seneng, tresna
7	Megatruh	Prihatin, susah
8	Maskumambang	Nelangsa, ngeres – ngeresi
9	Mijil	Prihatin
10	Dhandhanggula	Luwes
11	Asmaradana	Sedih

Langkah-langkah sajrone nulis tembang macapat

langkah sajrone nulis *tembang macapat* yaiku:

- 1) nemtokake jinis *tembang macapat pocung*.
- 2) nemtokake tema *tembang macapat pocung*.
- 3) ngerteni paugerane *tembang macapat pocung* (guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu).
- 4) nyusun ukara kang endah, cacahé cundhuk karo cacahé paugeran gatra *tembang macapat Pocung*.
- 5) ngitung wanda-wandane ukara kasebut salaras karo paugeran guru wilangan *tembang macapat pocung*.
- 6) nglrasake guru lagu *tembang macapat pocung*.

Saka kaenem tahapan ing ndhuwur dikarepake siswa bisa ngrasa gampang anggone nulis *tembang macapat* amarga urutan-urutan carane gawe *tembang macapat pocung* kang wis cetha.

Medhia Pasinaon

Teori kang diandharake yaiku ngenani tegese medhia, titikane medhia, gunane medhia, jinis-jinis medhia, lan kriteria milih medhia. Andharan ngenani teori-teori kasebut kaya ing ngisor iki.

Tegese Medhia Pasinaon

Tembang medhia asale saka basa Latin lan minangka wujud jamak saka tembung *medium* kang kanthi *harfiah* ateges kalungguhantara utawa pengantar (Sadiman dkk.,2009: 6). Miturut para ahli tegese medhia kaandharake kaya ing ngisor iki.

- 1) Hamijdjojo (sajrone Kustandi lan Bambang,2011:9), weneh watesan ngenani medhia minangka sekabehane wujud kalungguhantara kang dienggo dening manungsa kanggo nyebarake idhe, gagasan, utawa pamawas saengga idhe, gagasan, utawa pamawas kang diandharake bisa tumeka marang panampa kang dituju.
- 2) Miturut Azhar (1996:3), medhia yaiku alat *grafis*, *photografis*, utawa *elektronis* kanggo nangkap, mroses, lan nyusun *informasi visual* lan *verbal*.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur bisa didudut menawa kang diarani medhia tumrape donya pendhidhikan yaiku sawijining barang kang nggampangake sajrone proses pasinaon lan ndadekake kagiyatan pasinaon dadi luwih narik kawigaten lan aktif.

Titikane Medhia Pasinaon

Azhar (1996:12), ngandharake menawa ana telung titikane medhia kang minangkani panuduh panganggone medhia, yaiku.

1. Titikan *fiksatif*, titikane iki nggambarake kabisan medhia sajrone ngrekam, nyimpen, ngrembakake, lan nyusun sawijining prastawa utawa objek;
2. Titikan *manipulatif*, medhia kudu bisa manupulasi utawa ngowahi sawijining objek;
3. Titikan *distributif*, titikane iki nerangake menawa medhia nggunakake sawijining objek utawa prastawa kang diowahi lumantar ruwang lan bebarengan.

Adhedhasar katelu titikane kasebut, bisa didudut menawa kang diarani medhia kuwi samubarang kang nduweni katelu titikane ing ndhuwur, yaiku *fiksatif*, *manipulatif*, lan *distributif*.

Gunane Medhia Pasinaon

Miturut Hamalik (sajrone Azhar, 1996: 15), medhia nduweni maneka guna ing antarane, medhia bisa nuwuhake kapenginan lan minat kang anyar, nuwuhake motivasi lan rangsangan sajrone kagiyatan pasinaon, lan bisa nggawa pangaribawa-pangaribawa psikologis tumrape siswa. Sajrone tahap *orientasi* medhia pasinaon bakal weneh pambiyantu kang gedhe sajrone *efektifitas* proses pasinaon kasebut lan bisa ngandharake pesen lan isi pasinaon ing wektu kasebut. Saliyane kuwi medhia pasinaon uga bisa ngewangi siswa ngundhakake pemahaman, njlentrejake dhata kanthi apik, nggampangake anggone nafsirake dhata, lan madhetakae *informasi*.

Jinis-jinise Medhia Pasinaon

Jinise medhie miturut pamawase Hamdani (2011: 244) kaperang saka audio, visual, audio visual, uwong, bahan, alat, tata cara, lan latar. Kawolune bakal kaandharake ing ngisor iki.

1. Audio, yaiku medhia kang mung bisa dirungokake amarga medhia iki mung nduweni unsur swara.
2. Visual, yaiku mehia kang mung bisa dideleng, amarga medhia iki ora ngandhut unsur swara.
3. Audio visual, yaiku medhia kang ngandhut unsur swara kang bisa dirungaokake lan unsur gambar kang bisa disawang.
4. Uwong, minangka medhia saka uwong kang nyimpen informasi.
5. Bahan, yaiku swijining format kang dienggo kanggo nyimpen pesan pasinaon.
6. Alat, yaiku barang-barang awujud fisik kang asring sinebut kanthi kalungguhankat keras, kang nduweni guna kanggo njlentrehake bahan pasinaon.
7. Tata cara, yaiku cara utawa prosedur kang dienggo sawijining pawongan sajrone weneh pasinaon kanggo nggayuh tujuan pasinaon.
8. Latar, yaiku lingkungan kang ana ing sajrone sekolah utawa ing sanjabane sekolah, kanthi sengaja utawa ora, kanthi mligi disiapake kanggo pasinaon.

Adhedhasas maneka andharan ngenani jinis-jinise medhia ing ndhuwur, bisa dingerteni menawa medhia panliten kang dienggo sajrone panliten iki minangka jinis saka medhia visual yaiku medhia gambar.

Medhia Gambar

Gambar yaiku medhia pasinaon kang asring dienggo, medhia iki minangka basa kang umum, bisa dingerteni, lan disenengi dening sekabehane pawongan. Gambar nduweni guna kanggo ngandharake pesen lumantar gambar ngenani indera pandeleng. Pesen kang diandharake dijlentrehake sajrone simbol-simbol komunikasi visual. Simbol-simbol kasebut perlu dipahami kanthi bener supaya proses penyampaian pesen bisa kasil lan efisien. Saliyane kuwi medhia grafis nduweni tujuan kanggo narik kawigaten, njelasake materi, lan njlentrehake lumantar gambar (Kustandi lan Bambang 2011: 45). Medhia gambar minangka medhia kang paling sedherhana.

Miturut Sadiman (2009: 29), medhia gambar nduweni kaluwihan kaya ing ngisor iki :

1. Asipat konkret/ nyata, medhia gambar iku luwih realistis nuduhakerkara yen dibandhingake karo medhia verbal.
2. Gambare ora diwatesi ruang lan wektu.
3. Medhia gambar bisa ngatasi winatese pengamatan manungsa.
4. Gambar bisa nerangake sawijining masalah sajrone maneka bidhang ing tingkat usia pira wae, saengga bisa ngurangi kesalah pahaman.
5. Medhia gambar regane luwih murah lan gampang diolehake, gampang dienggo, lan ora mbutuhake peralatan kang mligi.

Modhel Pasinaon TTW

Modhel pasinaon *Think-Talk-Write* (TTW) nduweni langkah-langkah sajrone proses pasinaon, kaya ing ngisor iki.

1. Guru mbagi Lembar Kerja Siswa (LKS) kang isine perkaara kang kudu dirampungake dening siswa rupa gambar sarta sakalungguhangan panuduh kegiyatan.
2. Siswa maca LKS lan nggawe catetan kanthi individu ngenani apa kang siswa ngerteni lan ora ngerteni perkara kasebut. Nalika peserta nggawe catetan iki bakal mikir (*Think*). Sabanjure kuwi siswa ngusahakake bisa ngrampung perkaara kasebut. Kagiyanan iki nduweni tujuan supaya siswa bisa mbedakake lan nyawijekake idhe-idhe kang ana ing gambar banjur diterjemahake nganggo basane siswa dhewe.
3. Siswa dhiskusi karo kancane sakelompok mbahas ngenani isi catetan kang wis digawe sadurunge. Anggone ngrampungake perkara digarap (*Talk*) sajrone kagiatan iki siswa nggunakake basa lan tembung siswa dhewe kanggo ngandharake idhe-idhe sajrone dhiskusi. Dhiskusi dikarepake bisa nuwuhake solusi tumrap soal kang diwenehake. Dhiskusi bakal lumaku *efektif* menawa anggota klompok ora akeh. Sajrone TTW klompok mung kaperang saka 2 nganti 5 siswa.
4. Saka asil dhiskusi siswa ngrumusake tembang macapat pocung kawruh arupa jawaban saka soal ing wujud tulisan (*Write*). Ing tulisan iki siswa nggabungake pamikiranane dhewe karo pamikiran sajrone proses dhiskusi.
5. Perwakilan klompok nyuguhake *tembang macapat Pocung* asil dhiskusi klompok banjur klompok liya weneh tanggepan.
6. Kagiyanan akhir pasinaon yaiku nggawe *refleksi* lan dudutan ngenani materi kang wis disinaoni.

Pangetrapan Modhel Think Talk Write Lumantar Medhia Gambar Sajrone Pasinaon Nulis Tembang macapat

Think-Talk-Write minangka modhel pasinaon kang dikembangake dening Huinker lan Laughlin (sajrone Martinis lan Ansari 2012: 84). Modhel pasinaon iki dibangun saka proses pamikiran, proses micara, lan proses nulis. Modhel pasinaon TTW didhasarake ing pemahaman sinau yaiku sawijining perilaku sosial. Sajrone modhel pasinaon iki, siswa disurung kanggo bisa mikir, micara, lan nulis ngenani sawijining topik kang dirembug. Miturut Suyatno (2009: 66), modhel pasinaon TTW yaiku sawijining pasinaon kang diwiwiti kanthi mikir lumantar bahan bacaan, hasil bacaan kasebut diaturake kanthi presentasi, dhiskusi, banjur gawe laporan presentasi. Langkah-langkah pangetrapane kaya ing ngisor iki.

- 1) Siswa lungguh ing klompok (3-5) anggota.
- 2) Siswa nyemak andharan saka guru ngenani apa kang kudu ditindakake (*think*).
- 3) Siswa nampa sawijining objek arupa gambar ngenani urutane prastawa lan kedadeyan.
- 4) Kanthi bebarengan siswa ngamati gambar-gambar kasebut.
- 5) Siswa nyathet kang dadi pokok ing gambar kasebut.

- 6) Saben siswa nyusun tembung-tembung adhedhasar gambar (kang wis digathukne karo paugerane *tembang macapat*)
- 7) Siswa ngenekake interaksi karo kanca sakelompok kanggo ngrembug catetane dhewe-dhewe (*talk*).
- 8) Siswa bebarengan ing saklompok nggabungake, nyusun, lan nulis idhe-idhe kang wis disusun kanthi individu (*write*).
- 9) Perwakilan klompok macakake asil karyane ing ngarep kelas.
- 10) Siswa ngupayakake anane apresiasi marang klompok kang macakake *tembang macapat* ing ngarep kelas.

Martunis (sajrone zulkarnaini, 2008: 84) nerangake menawa sajrone pasinaon kanthi modhel pasinaon *TTW* anggone mbentuk klompok cacah wataru 3-5 uwong kang heterogen. Pasinaon *TTW* minangka sawijining tipe pasinaon kooperatif, anggota ing sawijining klompok kang nduweni tanggung jawab ngenani penugasan materi ajar lan bisa nerangake materi kasebut marang anggota sajrone klompok.

Adhedhasar maneka andharan ing ndhuwur pasinaon nulis *tembang macapat pocung* kanthi modhel *Think Talk Write* lumantar medhia gambar ing panliten iki dikarepake bisa ngundhakake kawasisan nulis *tembang macapat pocung* siswa kelas IX A SMP Negeri 3 Kedungwaru Tulungagung

METODHE PANALITEN

Ancangan Panliten

Panliten kanthi irah-irahan Ngundhakake Kawasisan Nulis Tembang Macapat Siswa Kelas IXA SMP Negeri 3 Kedungwaru kanthi Modhel pasinaon *Think Talk Write* lumantar medhia gambar taun ajaran 2015/2016, kang bakal ditindakake migunakake Panliten Tindakan Kelas.

Panliten iki njupuk perkara nyata kang diadepi dening *praktisi pendidikan* dudu saka kajian teoritis, ing bab iki guru bidhang study Basa Jawa. Sakliyane iku panliten iki asifat khas kaya dene karakter PTK yaiku anane tindakan tartamtu kanggo ngapiki kagiyatan pasinaon ing kelas.

Panliten iki dirancang dadi 2 siklus kanthi pangajab *indikator keberhasilan* kagayuh. Saben siklus kalaksanakake cunduk karo owah-owahan kang arep digayuh kaya kang wis didesain ing faktor kang arep ditliti.

Prosedhur Panliten

Prosedur panliten ing panliten iki kaperang saka tahap ngrancang pasinaon, tahap nindakake pasinaon, tahap observasi, lan tahap refleksi. Kapapat prosedur kasebut minangka prosedur kang umum ditindakake sajrone panliten tindakan kelas (PTK). Penelitian tindakan kelas, yaiku sawijining pencermatan tumrap kagiyatan pasinaon arupa sawijining rindakan, kang sengaja dienkake lan dumadi sajrone kelas kanthi bebarengan (Arikunto, 2009: 16).

Sajrone panliten iki, panliten ditindakake kanthi 2 siklus, kang saben siklus ana 4 tahapan yaiku

1. Tahap ngrancang pasinaon (*plan*)
2. Tahap nindakake pasinaon (*action*)
3. Tahap observasi (*observe*)
4. Tahap Refleksi (*reflection*)

Subjek Panliten, Panggonan Panliten, lan Wektu Panliten

1. Subjek Panliten

Subjek panliten iki, yaiku siswa kelas IX A SMPN 3 Kedungwaru Tulungagung. Alasan panliti milih klas IXA amarga minangka subjek panliten amarga sasuwene pasinaon ing tingkat SD nganti SMP siswa durung lancar anggone nulis *tembang macapat*. Ditambah maneh awit taun 2014 ing tlatah Jawa Timur, mligine ing Tulungagung mata pelajaran basa Jawa ana ing tingkat SMA. Mula saka kuwi kanggo perlu anane panliten kanggo ngundhakake kawasisan nulis *tembang macapat* siswa kelas IX A SMPN 3 Kedungwaru.

2. Panggonan Panliten

Panliten iki mapan ing klas IX A SMP Negeri 3 Kedungwaru Tulungagung. SMP Negeri 3 Kedungwaru manggon ing desa Bangoan Kecamatan Kedungwaru Tulungagung.

3. Wektune Panliten

Panliten iki kaleksanan ing semester gasal taun ajaran 2015/2016 wataru wulan Juli nganti Desember 2015. Andharan ngenani jadwal panliten kaandharake kaya tabel ing ngisor iki. Panliten siklus patemon I katindakake ing tanggal 1 Agustus 2015, banjur siklus I patemon II katindakake ing tanggal 8 Agustus 2015.

Tetimbangan iki kapilih amarga ing wulan Juli, bakal kaling-kalingan dening libur hari besar. Banjur ing minggu keloro, katelu, lan kapapat wulan Agustus bakal kaling-kalingan persiapan hari kemerdekaan RI.

Sumber Data lan Data Panliten

Sumber data sajrone panliten iki kapareng saka sawenehing sumber yaiku siswa guru lan kolaborator

1) Siswa

Nliti owah-owahane kawasisane siswa ing materi nulis *tembang macapat* kang bisa dideleng saka asile tes kang diwenehake lan aktivitas siswa ing proses piwulang

2) Guru

Guru ing panliten iki yaiku guru mata pelajaran basa jawa sabenero Guru ditliti saka tingkat kabisane guru ing pamulangan menahi materi nulis *tembang macapat* nganggo medhia gambar kang bisa dideleng saka aktivitas guru ing proses piwulang.

3) Kolaborator

Kolaborator sajrone panliten iki yaiku guru sejawat anane kolaborator yaiku minangka sumber data kang bisa dideleng implementasine PTK kang ditindakake guru apadene siswa sacara komprehensif.

Instrumen Panliten

Instrumen panliten, yaiku sarana utawa alat kang digunakake kanggo ngumpulake dhata panliten. Instrumen kang digunakake ing sajroning panliten iki, yaiku:

4) Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP)

Instrumen iki digunakake kanggo mangerteni trep orane antarane Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP) karo kagiyatan pasinaon. RPP kang digawe sajroning panliten iki adhedhasar RPP kang dienggo dening sekolah kang ditliti. (RPP *terlampir*)

5) Soal Tes

Sajrone panliten iki, tes kang diwenehake siswa arupa tes tulis, yaiku nulis tembang macapat lan tes kasebut diwenehake ing saben siklus. Tes iki kanggo mangerteni asil pasinaon siswa sawise pangetrapane pasinaon nulis pawarta kanthi nggunakake modhel pasinaon *Think Talk Write* lumantar medhia gambar.

6) Lembar Observasi Katrampilan Guru

Instrumen iki digunakake kanggo mangerteni katrampilan guru sasuwene proses pasinaon. Lembar pengamatan iki diisi dening observer utawa guru pamong

Tata Cara Ngumpulake Dhata

Ana rong tata cara sajrone ngumpulake dhata kang dienggo sajrone panliten iki, yaiku tata cara tes lan non tes. Kalorone kaandharake ing ngisor iki.

Tata cara Tes

Tata cara tes katindakake sajrone panliten iki. Langkah sajrone tata cara tes kasebut, yaiku (1) guru nyiapake medhia visual gambar, (2) siswa ngamati gambar kang diwenehake guru, (3) siswa nggawe *tembang macapat* kanthi klompokan, (4) guru weneh komentar bebarengan karo siswa, (5) siswa nggawe *tembang macapat* kanthi individu, lan (6) guru weneh pambiji marang siswa.

Tata cara tes iki katindakake kanggo ngerteni asile pasinaon siswa. Kanthi cara tes iki, panliti bisa ngerteni bisa kang digayuh siswa sajrone proses panliten nulis *tembang macapat*. Asil tes iki bakal kabandhingake karo tes sadurunge katindakake panliten kanthi modhel pasinaon *Think Talk Write* lumantar medhia gambar. Tes sadurunge panliten biasa sinebut post-test.

Tata cara Non Tes

Tata cara non tes kaperang saka tata cara observasi lan dokumentasi. Tata cara observasi katindakake kanthi telung tahapan, yaiku (1) nyiapake lembar observasi, (2) nindakake observasi sasuwene pasinaon lumaku, lan (3) nata asil observasi.

Banjur dokumentasi katindakake kanthi dokumen awujud foto pelaksanaan panliten tindakan klas kang kasusun lan didheskripsikake adhedhwar kagiyatan kang dituduhake saka foto kasebut. Mula kang dibutuhake sajrone dokumentasi, yaiku pawongan kang ndokumentasekake lan kamera kanggo dokumentasi.

Panjentrehe asil Dhata

Panjentrehe asil dhata sajrone panliten iki ditindakake kanthi dheskriptif, yaiku nggolongake dhata sajrone panliten dadi rong klompok yaiku dhata kualitatif lan luantitatif. Dhata kualitatif diandharake kanthi wujud tembung utawa simbol, banjur dhata kuantitatif yaiku dhata awujud angka (Suharsimi, 2006). Dhata kualitatif diolehake kanthi cara nyedherhanakake kanthi cara seleksi dhata, pemfokusan, lan pngabstrakake dhata mentah dadi informasi kang nduweni makna. Paparan dhata yaiku sawijining proses njupuk intisari saka sajiyan dhata ing wujud prenyatan ukara kang ringkes lan padhet nanging ngandhut teges kang amba. Sajrone nindakake panjentrehe asil dhata, sekabehane cathetan didadekake lelandhesan. Isi catetan asale saka asil observasi, sarta tes asil pengamatan, lan cathetan lapangan kang nggambarake undhak-undhakan proses pasinaon sadurunge diwenehi tindakan lan sawise diwenehi tindakan. Banjur tes ngasilake dhata awujud biji.

Andharan ing ndhuwur salaras karo pamawase Arikunto (2006: 239) kang ngandharake menawa dhata deskriptif sajrone panliten minangka dhata aktifitas siswa sasuwene proses pasinaon kang ditampilake saka format pengamatan siswa. Tindakan guru sajrone pasinaon ditampilake saka alat pambiji kemampuan guru sarta data ngenani asil pasinaon siswa kang dituduhake saka biji kang digayuh siswa.

Dhata asil pasinaon lan dhata asil pengamatan tindakan guru, kaandharake kaya ngisor iki.

Dhata Asil Pasinaon Siswa

Dhata asil pasinaon siswa minangka wujud saka dhata kuantitatif, dianalisis nganggo teknik analisis deskriptif kanthi nemtokake biji adhedhasar skor teoritis kang diolehake siswa, prosentase ketuntasan pasinaon, lan rerata klas.

1) Ngitung Biji Rerata

Anggone ngitung biji rerata sajrone panliten iki, kajentrehake kanthi rumus ing ngisor iki.

$$M = \frac{\sum fx}{N}$$

(Indarti, 2008:26)

Katrangan:

M : biji rata-rata (mean)

$\sum fx$: jumlah sakabehe bijine siswa

N : cacahé siswa

2) Nemtokake prosentase ketuntasan pasinaon klasikal

$$P = \frac{F}{N} \times 100 \%$$

Katrangan:

P : angka prosentase

F : frekwensi/ skor mentah kang isih

digoleki prosentasiné
N : cacahé responden
(Aqib,2010:41)

Adhedhasar etung-etungan asil pasinaon siswa ing dhuwur, banjur asile dikonsultasikake karo kriteria ketuntasan minimal kang diklompokake sajrone rong kategori tuntas lan ora tuntas, kanthi kriteria kaya ing ngisor iki:

Tabel 3.6 KKM Mata Pelajaran Basa Jawa Klas IX SMPN 3 Kedungwaru Tulungagung Taun Pasinaon 2015-2016

Kriteria Ketutasan		Kualifikasi
Klasikal	Individu	
≥ 80	≥ 75	Tuntas
< 80	< 75	Ora Tuntas

Indikator Keberhasilan

Indikator keberhasilan sajrone panliten “Ngundhakake Kawasisan Nulis Tembang macapat kanthi Modhel Think Talk Write Lumantar Medhia Gambar ing Siswa Klas IX A SMP Negeri 3 Kedungwaru” iki, yaiku:

- 1) Ketuntasan pasinaon siswa kanthi *individu*, kagayuh menawa siswa bisa ngancik biji 75 sajrone pasinaon nulis *tembang macapat*.
- 2) Indikator ketuntasan klas (*klasikal*) bisa ginayuh menawa 75% siswa ngancik biji 75 sajrone pasinaon nulis *tembang macapat*.

Indikator keberhasilan kagiyatan siswa lan guru ginayuh menawa aktifitas guru lan siswa ngancik predikat apik nganti ≤ 80% sajrone pasinaon nulis .

ASILING PANLITEN

Panliten Tindakan Kelas (PTK) iki ditindakake ing klas IX A SMPN 3 Kedungwaru Tulungagung kang ditindakake kanthi 2 siklus, lan saben sikluse 2 jam pasinaon. Panliten iki ditindakake kanthi nggunakake modhel *Think Talk Write* lumantar medhia gambar sajrone katrampilan nulis tembang macapat. Sabanjure diandharake ngenani asil panliten kang salaras karo prosedhur kang ditindakake, kang diwiwiti saka asil sinau siswa, aktivitas siswa, aktivitas guru kanthi nggunakake modhel *Think Talk Write* lumantar medhia gambar.

Tahap Ngrancang Pasinaon

Sajrone tahap perencanaan iki, nerangake ngenani rencana kang ditindakake sajrone pasinaon nulis *tembang macapat* kanthi modhel pasinaon *Think Talk Write* lumantar medhia gambar ing klas IX A SMP Negeri 3 Kedungwaru, Tulungagung. Rencana kasebut kaperang saka:

- 1) Panyusunan Rencana Pelaksanaan Pengajaran (RPP) pasinaon nulis *tembang macapat* kanthi modhel pasinaon *Think Talk Write* lumantar medhia gambar;
- 2) Nyiapake medhia gambar minangka sarana sajrone nuwuhake idhe siswa;
- 3) Nyusun lan nyiapake instrumen tes lan non tes. Instrumen tes isine ngennai soal-soal kang bakal dikerjakake dening siswa lan uga format pambiji kang bakal diisi kanthi biji siswa. Banjur instrumen non tes yaiku lembar observasi lan dokumentasi;
- 4) Perencanaan kerja sama karo pihak sekolah; Perencanaan karo mitra kerja kang bakal dijaluki tulung sajrone proses observasi

Kagiyatan Pasinaon ing Siklus I

1. Pendahuluan Kegiatan	
1.	<ol style="list-style-type: none"> a. Guru mengondisikan siswa agar siap menerima materi pembelajaran. b. Guru melakukan apresepsi dengan bertanya langsung kepada siswa “<i>Bocah-bocah sapa sing ngerti ngenani tembang macapat?</i>” c. Guru mengaitkan pelajaran yang akan dipelajari dengan pengetahuan siswa d. Guru menyampaikan pokok materi, tujuan, serta manfaat dari kegiatan pembelajaran yang akan dilaksanakan.
2. Kegiatan Inti	
2.	<ol style="list-style-type: none"> a. Siswa menerima penjelasan guru tentang tembang macapat, jenis tembang macapat, dan langkah-langkah dalam menulis tembang macapat tradisional Jawa (tembang macapat) b. Siswa duduk dalam kelompok-kelompok kecil yang terdiri atas 3-5 anggota. c. Siswa menyimak dengan cermat penjelasan guru mengenai tugas yang harus dikerjakan. (<i>Think</i>) d. Siswa menerima sebuah objek gambar mengenai urutan peristiwa e. Siswa mengamati bersama-sama dengan cermat objek gambar/foto f. Siswa mencatat hal-hal menarik yang bersifat pokok dari gambar/foto g. Setiap siswa menyusun kata-kata dalam 1-3 bait h. Siswa berinteraksi dengan teman sekelompok untuk membahas catatan mereka masing-masing. (<i>Talk</i>) i. Siswa bersama-sama dalam satu kelompok menggabungkan, menyusun dan menulis ide-ide yang sudah disusun masing-masing. (<i>write</i>) j. Perwakilan kelompok membacakan hasil

	<p>karyanya di depan kelas</p> <p>k. Siswa berupaya mengapresiasi temannya dalam membacakan tembang macapat di depan kelas dengan saling memberikan umpan balik</p> <p>l. Siswa menerima lembar kerja ke-2</p> <p>m. Guru meminta setiap siswa menulis tembang macapat secara individu sesuai tema yang sudah ditentukan dilembar kerja ke-2</p> <p>n. Siswa mengumpulkan hasil karyanya.</p>
3. Penutup Kegiatan	
3.	<p>a. Siswa bersama guru menyimpulkan pembelajaran yang telah dilaksanakan.</p> <p>b. Siswa diberi motivasi untuk terus belajar menulis tembang macapat pocung dengan menggunakan pilihan kata yang sesuai .</p>

Asile Evaluasi Nulis Tembang Macapat Siklus I

No	Nama	Biji	Ketuntasan	
			Tuntas	Durung Tuntas
1	Ardi Eko	75	√	
2	Aghis Novyan	60		√
3	Ardianto Sigid	75	√	
4	Dewi Fitriyani	80	√	
5	Dimas Arda	50		√
6	Ella Nuraini	75	√	
7	Fajar Firmansa	75	√	
8	Irfan Wibisono	60		√
9	Izza Lafiva	80	√	
10	Khoirun Nisa	75	√	
11	Kresna Abianto	75	√	
12	Kukuh Prasetya	60		√
13	Muhamad Riski	55		√
14	Muhamad Irma	60		√
15	Nimas Ayu	60		√
16	Nofia Indah	75	√	
17	Nopa Pebriana	80	√	
18	Parhan Abdul	80	√	
19	Relin Agustina	65		√
20	Rike Devina	75	√	
21	Riki Kristanto	60		√
22	Rozan Wahyu	65		√
23	Tribhakta Adya	75	√	
24	Ulva Wahyuning	75	√	
25	Venny Anastasia	65		√
Jumlah		1730	14	11
Rata - rata		69	0,56	0,44
Prosentase		69%	56%	44%

Observasi siklus 1

Observasi yaiku kagiyatan kanggo ngamati sawijing obyek, lan minangka salah sijine tahapan kang kudu ditindakake sajrone PTK . Ing tahap iki observer

ngamati aktivitas siswa lan guru nalika proses pasinaon siklus 1 ditindakake . Observer ditindakake adhedhasar lembar observasi kang wis sumadiya ing RPP .

Asile observasi marang kegiatan kang ditindakake dening guru ing siklus 1 nuduhake persentase yaiku

$P = \frac{27}{40} \times 100\% = 67.5$ persentase kasebut nduweni teges yen bijine aktivitas guru yaiku 67.5 lan yen digayutake karo konversi katuntasan ing SMP 3 Kedungwaru nuduhake biji "cukup" amarga ana ing rentengan 56 – 69.

Refleksi

Asil refleksi saka tindakan siklus I kaandharake kaya ing ngisor iki.

- Katrampilan guru sajrone mulang siswa bisa diarani durung bisa ngancik indikator keberhasilan kang wis ditemtokake. Bab iki tuwuh saka asil obeservasi kang katindakake dening observer nalika weneh pengamatan sajrone pasinaon. Jumlah skor kang diolehake yaiku 25. Skor iki kalebu ing kategori cukup.
- Aktivitas siswa sajrone siklus I durung bisa diarani nggayuh indikator keberhasilan kang ditrepake. Adhedhasar asil observasi kang katindakake dening observer, jumlah skor kang diolehake yaiku 308, kanthi rata-rata skor 12, 32. Skor iki kalebu ing kategori cukup.
- Katrampilan nulis tembang durung bisa nggayuh asil kang maksimal. Adhedhasar asil tes kang katindakake, jumlah skor kang diolehake yaiku 1824, kanthi rata-rata bijine saben siswa mung 72,96 lan kalebu ing kategori cukup. Asil pasinaon katrampilan nulis tembang macapat kang diolehake durung nggayuh indikator keberhasilan kang ditrapake. Kanggo ketuntasan klasikal asil pasinaon ing siklus I, yaiku 56% lan rata-rata biji siswa yaiku 72,96. Asil kang durung nggayuh indikator keberhasilan kang ditrapake yaiku 80%.

Jlentrehan dhata Siklus II

Panliten siklus II katindakake minangka revisi utawa perbaikan saka siklus I, amarga sajrone siklus I pasinaon katrampilan nulis tembang macapat durung bisa nggayuh target kang dikarepake. Panliten siklus II katindakake kanthi rencana lan persiapan kang luwih mateng kanthi mertahanake saperangan bab kang wis lumaku apik lan ndandani kekurangan-kekurangan ing siklus I.

Kagiyatan Pasinaon ing Siklus II

No.	Kegiatan Pembelajaran
Pendahuluan Kegiatan	
1.	o Guru mengondisikan siswa agar siap menerima materi pembelajaran.

	<ul style="list-style-type: none"> o Guru melakukan apresensi dengan bertanya langsung kepada siswa "Bocah-bocah sapa sing ngerti ngenani tembang macapat?" o Guru dan siswa melakukan tanya jawab tentang materi pada pertemuan sebelumnya
Kegiatan Inti	
2	<ul style="list-style-type: none"> o Guru menunjukkan kesalahan dan menjelaskan kepada siswa atas kekurangan-kekurangan pembelajaran pada siklus I o Siswa duduk dalam kelompok-kelompok kecil yang terdiri atas 3-5 anggota yang heterogen o Siswa menyimak dengan cermat penjelasan guru mengenai tugas yang harus dikerjakan(Think) o Peserta didik menerima sebuah objek gambar/foto mengenai pemandangan alam o Peserta didik mengamati bersama-sama dengan cermat objek gambar/foto. o Peserta didik mencatat hal-hal menarik yang bersifat pokok dari gambar/foto o Setiap siswa menyusun kata-kata dalam 1-3 bait. o Siswa berinteraksi dengan teman sekelompok untuk membahas catatan mereka masing-masing (Talk) o Siswa bersama-sama dalam satu kelompok menggabungkan, menyusun dan menulis ide-ide yang sudah disusun masing-masing. (write) o Perwakilan kelompok membacakan hasil karyanya di depan kelas o Siswa berupaya mengapresiasi temannya dalam membacakan tembang macapatnya di depan kelas dengan saling memberikan umpan balik. o Peserta didik menerima lembar kerja 2 o Guru meminta setiap siswa menulis tembang macapat secara individu sesuai tema yang sudah ditentukan dilembar kerja 2 o Guru membimbing siswa dalam pembuatan tembang macapat o tembang macapatSiswa mengumpulkan hasil karyanya
Penutup Kegiatan	
3	<ul style="list-style-type: none"> o Peserta didik bersama guru menyimpulkan pembelajaran yang telah dilaksanakan o Peserta didik mengisi jurnal untuk memberikan kesan terhadap proses pembelajaran yang telah dilaksanakan. o Peserta didik diberi motivasi untuk terus belajar menulis puisi bebas dengan menggunakan pilihan kata yang sesuai

Asile Evaluasi Nulis Tembang Macapat Siklus II

No	Jeneng	Biji	Ketuntasan	
			Tun tas	Durung Tuntas
1	Ardi Eko	80	√	
2	Aghis Novyan	65		√
3	Ardianto Sigid	80	√	
4	Dewi Fitriyani	90	√	
5	Dimas Arda	60		√
6	Ella Nuraini	80	√	
7	Fajar Firmansa	85	√	
8	Irfan Wibisono	80	√	
9	Izza Lafiva	90	√	
10	Khoirun Nisa	80	√	
11	Kresna Abianto	85	√	
12	Kukuh Prasetya	85	√	
13	Muhamad Riski	80	√	
14	Muhamad Irma	60		√
15	Nimas Ayu	80	√	
16	Nofia Indah	85	√	
17	Nopa Pebriana	90	√	
18	Parhan Abdul	80	√	
19	Relin Agustina	85	√	
20	Rike Devina	80	√	
21	Riki Kristanto	80	√	
22	Rozan Wahyu	65		√
23	Tribhakta Adya	75	√	
24	Ulva Wahyuning	90	√	
25	Venny Anastasia	65		√
Jumlah		1950	20	5
Rata – rata		78	0,80	0,20
Prosentase		78%	80%	20%

Saka asil kasebut bisa dimsingerteni yen katuntasan klas 80% lan murid dianggep tuntas yen antuk biji saora – orane yaiku 75, nuduhake yen ing siklus II piwulang wis kasil amarga ana 20 siswa kang tuntas utawa yen dieting $\frac{20}{25} \times 100\% = 80\%$. Siswa kang durung tuntas mung ana 5 siswa utawa $\frac{5}{25} \times 100\% = 20\%$.

Observasi Siklus II

Padha kayata siklus I, sajrone siklus II iki jlentrehan observasi bakal ngandharake asil observasi katrampilan guru, aktivitas siswa lan asil pasinaon katrampilan nulis tembang macapat siswa.

Refleksi

Asil refleksi saka tindakan siklus II sajrone pasinaon nulis tembang macapat kanthi modhel pasinaon *Think Talk Write* lumantar medhia gambar siswa klas IX A SMPN 3 Kedungwaru Tulungagung kaandharake kaya ing ngisor iki.

a. Katrampilan Guru

Adhedhasar observasi kasewelas indikator katrampilan guru ing siklus II ngolehake skor 38 kanthi

kategori apik banget. Sajrone siklus II ana saperangan kekurangan kang kudu didandani, yaiku:

- 1) Sajrone kagiyatan nggawe klompok guru kudu luwih wigati.
- 2) Guru sajrone weneh bimbingan dhiskusi klompok durung bisa nyegah anane dominasi individu.

b. **Aktivitas Siswa**

Sajrone siklus II siswa ngolehake skor 19,04 kanthi kategori apik banget. Kekurangan kang kudu didandani, ing antarane yaiku:

- 1) Siswa durung bisa weneh tanggapan marang pamawase kancane.
- 2) Akeh siswa kang isih pasif sajrone kagiyatan klompok.

c. **Katrampilan Nulis Tembang Macapat**

Adhedhasar jlentrehan ing dhuwur bisa didudut menawa ketuntasan klasikal siswa sajrone pasinaon nulis tembang macapat wis bisa nggayuh ketuntasan klasikal kang ditemtokake (80%), yaiku 84% kanthi skor rata-rata 80,2. Mula saka kuwi panliten "Ngundhakake Kawasisan Nulis Tembang Macapat Siswa Klas IX A SMP Negeri 3 Kedungwaru kanthi Modhel Pasinaon Think Talk Write Lumantar Medhia Gambar Taun Ajaran 2015/ 2016" wis kasil katindakake kanthi trep lan apik. Saengga ora perlu anane tindak lanjut ana ing siklus sabanjure.

Rekapitulasi Dhata Siklus I lan Siklus II

Rekapitulasi sajrone panliten iki kajlentrehake kanthi telung perangan kang dadi undheraning pamikir panlien, yaiku rekapitulasi asil observasi katrampilan guru, rekapitulasi asil observasi aktivitas siswa, lan rekapitulasi asil pasinaon katrampilan nulis tembang macapat siswa. Luwih jangkepe ing ngisor iki.

Rekapitulasi Asil Observasi Katrampilan Guru

Rekapitulasi asil observasi katrampilan guru sajrone siklus I lan siklus II disajekake ing tabel ngisor iki.

Tabel 4.13

Rekapitulasi Asil Observasi Katrampilan Guru siklus I lan siklus II

No	Indikator	Siklus	
		1	2
1	Nindakake pra-pasinaon	3	4
2	Mbuka pasinaon kanthi apresepasi	3	3
3	Ngandharake tujuwan pasinaon	3	3
4	Weneh pitakonan marang siswa	2	3
5	Nindakake demonstrasi arupa nulis sagatra tembang macapat.	3	4
6	Weneh bimbingan sajrone kagiyatan nyusun klompok.	3	4
7	Weneh bimbingan marang siswa sajrone	2	4

	nggunakake gambar.		
8	Weneh variasi sajrone pasinaon modhel Think Talk Write	2	3
9	Weneh penguatan marang siswa.	3	4
10	Nutup pasinaon	3	3
Jumlah		27	35
Kategori		Apik	Apik banget

Adhedhasar tabel rekapitulasi asil observasi katrampilan guru siklus I lan siklus II ing ndhuwur nuduhake anane indhak-undhakan saka siklus I diolahake skor 27 kanthi kriteria apik. Sajrone siklus II diolahake skor 38 kanthi kriteria apik banget. Adhedhasar jlentrehan kasebut, bisa disajekake ing dhiagram ngisor iki.



Gambar 4.1

Diagram Rekapitulasi

Asil Observasi Katrampilan Guru siklus I lan siklus II

Rekapitulasi Asil Observasi Aktivitas Siswa

Rekapitulasi asil observasi aktivitas siswa sajrone siklus I lan siklus II disajekake ing tabel ngisor iki.


Tabel 4.14

Rekapitulasi Asil Observasi Aktivitas Siswa siklus I lan siklus II

No	Indikator	Siklus	
		1	2
1	Nyiapake diri sajrone nampa pasinaon.	2	1
2	Nggatekake medhia lan andharane guru.	3	2
3	Tekon lan mangsuli pitakonan.	3	3
4	Dhiskusi klompok.	2	4
5	Nindakake kagiyatan nulis tembang macapat kanthi modhel Think Talk Write lumantar medhia gambar	3	5

6	Nggarap pitakonan kang tuwuh	3	6
7	Murid duwe motivasi sajrone piwulang	2	7
8	Murid duwe motivasi sajrone ngetrapake modhel <i>Think Talk Write</i>	2	8
9	Murid nggarap tugas sing diwenehake	4	9
10	Murid nindakake refleksi	3	10
Jumlah		27	34
Kategori		Cukup	Apik banget

Adhedhasar tabel rekapitulasi asi observasi aktivitas siswa siklus I lan siklus II nuduhake menawa anane undhak-undhakan saka diklus I diolehake cacah skor 27 kategori cukup. Banjur ing siklus II diolehake cacah skor 34 kanthi kategori apik banget. Adhedhasar jlentrehan kasebut, bisa disajekake ing dhiagram ngisor iki.



Gambar 4.2


Diagram Rekapitulasi Asil Observasi Aktivitas Siswa siklus I lan siklus II

2	Biji kang paling dhuwur	80	90
3	Biji kang paling asor	50	60
4	Siswa kang nggayuh KKM	14	20
5	Siswa kang durung nggayuh KKM	11	5
6	Ketuntasan belajar klasikal	56 %	80%

Adhedhasar tabel rekapitulasi asil pasinaon katrampilan nulis tembang macapat siswa siklus I lan siklus II ing ndhuwur, nuduhake anane undhak-undhakan saka siklus I. Biji rata-rata siklus I, yaiku 72,96 ewadene biji kang paling dhuwur 80 lan biji kang paling asor 50. Cache 14 siswa kang nggayuh KKM ewadene 11 siswa durung nggayuh KKM. Ketuntasan pasinaon klasikal yaiku 56%.

Sajrone siklus II biji rata-rata klas yaiku 80,2, ewadene biji kang paling dhuwur 100 lan biji kang paling asor 60. Cacahe 20 siswa kang kasil nggayuh KKM ewadene 5 siswa durung nggayuh KKM. Ketuntasan pasinaon klasikal, yaiku 80%.

Adhedhasar jlentrehan rekapitulasi asil pasinaon katrampilan nulis tembang macapat siswa siklus I lan siklus II kasebut bisa kasajekake ing dhiagram ngisor iki.



Gambar 4.3

Diagram Rekapitulasi Asil Pasinaon Katrampilan Nulis Tembang Macapat Siswa Siklus I lan siklus II

Rekapitulasi Asil Pasinaon Katrampilan Nulis Tembang Macapat Siswa

Rekapitulasi asil pasinaon katrampilan nulis tembang macapat siswa sajrone siklus I lan siklus II disajekake ing tabel ngisor iki.

Tabel 4.15

Rekapitulasi Asil Pasinaon Katrampilan Nulis Tembang Macapat Siswa siklus I lan siklus II

No	Asil Pasinaon	Siklus	
		1	2
1	Rata-rata klas	72,96	80,2

Andharan

Pemaknaan Temuan Panliten

Andharan didhasarake saka asil observasi lan asil pasinaon siswa sarta refleksi saben siklus sajrone proses pasinaon nulis tembang macapat kanthi modhel pasinaon *Think Talk Write* lumantar medhia gambar. Luwih jangkepe ing ngisor iki.

Asil Observasi Katrampilan Guru

Saka tabel kasebut bisa dideleng yen persentase asile observasi marang kegiatan kang ditindakake dening guru ing siklus I nuduhake persentase yaiku $P = \frac{27}{40} \times 100\% = 67.5$ persentase

kasebut nduweni teges yen bijine aktivitas guru yaiku 67.5 lan yen digayutake karo konversi katuntasan ing SMP 3 Kedungwaru nuduhake biji "cukup" amarga ana ing rentengan 56 – 69. Ing siklus II bijine aktivitas guru yaiku $\frac{35}{49} \times 100\% = 87.5\%$ tegese bijine wis apik banget.

Biji kasebut pikantuk skor 3 utawa ana 52.5% kanthi biji katuntasan 21% ing siklus I nanging ing siklus II wis pikantuk skor 4 utawa ana 50%. Deskriptor – deskriptor kasebut yaiku nindakake pra pasinaon mbuka pasinaon kanthi apersepsi ngandharake tujuan pasinaon nindakake demonstrasi arupa bulius sagatra tembang macapat weneh bimbingan weneh penguatan marang siswa lan nutup pasinaon.

Ana uga descriptor kang pikantuk skor 2 utawa 15% kanthi biji katuntasan 6% yaiku weneh pitakonan marang siswa weneh bimbingan marang siswa sajrone nggunakake gambar weneh variasi sajrone pasinaon modhel *Think Talk Write*.

Adhedhasar skor kang dipikolehi guru kudu luwih ningkatake maneh kegiatan sajrone pasinaon sabanjure supaya asile uga luwih apik lan bisa ndandani sawenehing kekurangan kang isih ana.

Asil Observasi Aktivitas Siswa

Adhedhasar tabel 4.3 kasebut bisa dijlentrehake yen aktivitas siswa yaiku biji rata – rata asile observasi aktivitas siswa yaiku : $P = \frac{27}{40} \times 100\% = 67.5\%$ persentase kasebut nduweni teges yen biji rata – rata aktivitas siswa yaiku 67.5 lan yen digayutake karo konversi katuntasan ing SMP 3 Kedungwaru nuduhake biji "cukup". Yen ing siklus II asile $\frac{34}{40} \times 100\% = 85\%$.

Ana uga deskriptor kang antuk skor 4 utawa maksimal (10%) yaiku siswa mangerteni instruksi saka guru murid kurang bisa nyambut gawe bareng karo kanca saklompoke saengga deskriptor supaya ana owah –owahan Bab iki kudu luwih digatekake dening guru supaya bisa didandani ing pasinaon sabanjure.

Asil Pasinaon Katrampilan Nulis Tembang Macapat

Adhedhasar asil tes katrampilan nulis tembang macapat siswa siklus I lan siklus II nuduhake menawa anane undhak-undhakan saka siklus I. Biji rata-rata siklus I, yaiku 72,96 ewadene biji kang paling dhuwur 80 lan biji kang paling asor 50. Cache 14 siswa kang nggayuh KKM ewadene 11 siswa durung nggayuh KKM. Ketuntasan pasinaon klasikal yaiku 56%.

Sajrone siklus II biji rata-rata klas yaiku 80,2, ewadene biji kang paling dhuwur 100 lan biji kang paling asor 60. Cacaha 20 siswa kang kasil nggayuh KKM ewadene 5 siswa durung nggayuh KKM. Ketuntasan pasinaon klasikal, yaiku 80%.

Adhedhasar dhata kasebut, pencapaian asil pasinaon siswa ing siklus II wis bisa nggayuh ketuntasan pasinaon klasikal yaiku 80% kanthi katuntasan individu ≥ 75 .

Salaras karo pamawase Hamalik (2012:30) bukti menawa pawongan wis sinau, yaiku anane owah-owahan solah bawa, kayata saka kang ora weruh malih weruh, ora ngerti malih ngerti, lsp. Kasile modhel

pasinaon *Talk Write Think* lumantar medhia gambar sajrone indikator undhak-undhakan asil pasinaon nulis tembang macapat, bisa dingerteni saka asile panliten iki kang nerangake menawa asil pasinaon ing siklus I nuduhake ketuntasan klasikal cacah 56% bisa mundhak ing siklus II kang nggayuh ketuntasan klasikal cacah 80%.

Implikasi Asil Panliten

Sajrone asil panliten kang wis katindakake, katon menawa anane undhak-undhakan katrampilan guru, aktivitas siswa, lan asil pasinaon nulis tembang macapat siswa klas IX A SMPN 3 Kedungwaru Tulungagung. Bab iki nuduhake lan weneh bukti menawa modhel pasinaon *Think Talk Write* lumantar medhia gambar bisa katrapake sajrone proses pasinaon, mligine basa Jawa materi nulis tembang macapat.

Kanthi modhel pasinaon *Think Talk Write* lumantar medhia gambar, guru bisa nuwuhake swasana pasinaon kang nyenengake lan ora mbosenake. Pasinaon ora asipat munjer ing guru ananging uga bisa munjer ing siswa, amarga guru nduweni kalungguhan minangka fasilitator, medhiator, lan pembimbing kagiyatan pasinaon siswa supaya bisa lumaku kanthi apik. Guru mbimbing lumakune dhiskusi sajrone nulis tembang macapat kanthi modhel pasinaon *Think Talk Write* lumantara medhia gambar, mbimbing siswa kang ngrasa kangelan, saengga sesambungane guru lan siswa bisa luwih raket lan kuwat.

Panganggone modhel pasinaon *Think Talk Write* lumantara medhia gambar uga nduweni paedah kanggo siswa. Sadurunge dienkake tindakan, siswa ngrasa kangelan sajrone nyinaoni tembang macapat mligine ing materi nulis tembang macapat. Sawise diwenehi pasinaon kanthi modhel pasinaon *Think Talk Write* lumantar medhia gambar siswa bisa ngundhakake asil pasinaone lan luwih aktif sajrone kagiyatan pasinaon.

PANUTUP

Dudutan

Panliten iki kaperang dadi rong siklus lan saben sikluse ditindakake kanthi sapatemon. Proses pasinaon ing saben patemon ora padha yaiku ing siklus I guru isih nerangake bab wulangan kang dadi bahan panliten lan ing siklus II ngetrapake modhel *Think Talk Write* kanthi urutan langkah – langkah kang beda.

Saben siklus sawenehing data kang diolah kanthi cara tartamtu, kaya ta asile evaluasi siswa, asile observasi aktivitas siswa. Saka data asile evaluasi siswa ana sawenehing data kang diolah kanthi statistik deskriptif. Mula saka sakabehing data kasebut bisa disimpulkan.

(1) Asile evaluasi Siswa

Kanthi biji katuntasan minimal 75 lan ketuntasan kelas kudu nggayuh 80%, ing siklus I ana

iki ana 6 murid utawa $\frac{6}{25} \times 100\% = 24\%$ kang tuntas lan 19 murid utawa $\frac{19}{25} \times 100\% = 76\%$ kang durung tuntas lan ing siklus II 20 siswa kang tuntas utawa yen dieting $\frac{20}{25} \times 100\% = 80\%$. Siswa kang durung tuntas mung ana 5 siswa utawa $\frac{5}{25} \times 100\% = 20\%$.

(2) Asile observasi Aktivitas Murid

Asile observasi aktivitas siswa, yaiku ng siklus I mung kasil nggayuh persentase 45%. Biji iki kalebu ing rentangan 67.5% kang tegese biji iki wis cukup. Ing siklus II persentase saya ningkat dadi 85%. Asil iki kalebu apik. Sawenehing kekurangan kang dumadi ing saben sikluse didadekake refleksi saengga bisa ndandani ing siklus sabanjure.

(3) Asile Observasi Aktivitas Guru

Asile observasi aktivitas guru yaiku ing siklus I persentase 67,5% biji iki kurang saka KKM 75 lan ana ing rentangan 56 – 68 kang tegese "kurang". Ing siklus II persentase saya ningkat dadi 87.5%. asil iki kalebu ing rentangan 86 -100 kang kalebu "apik banget". Sawenehing kekurangan kang dumadi ing saben sikluse didadekake refleksi saengga bisa ndandani ing siklus sabanjure.

Saran

Adhedhasar dudutan ing dhuwur panliti menahi saran – saran kaya ing ngisor iki :

(1) Kanggo Guru

- a. Ngelingi pasinaon Basa Jawa khusus nulis tembang macapat saiki kurang oleh kawigaten saka masyarakat, mula guru Basa Jawa kudune bisa milih lan migunakake medhia pasinaon kang bener – bener bisa narik minat siswa kanggo pasinaon. Salah sijine yaiku kanthi modhel pasinaon *Think Talk Write* lumantar medhia gambar pranyata siswa luwih antusias sahingga bisa ngundhakake kawasisan siswa nulis tembang macapat.

(2) Kanggo Sekolah

- a. Sekolah kudune menahi sarana lan prasarana kang madai (kaya piranti multimedhia) kanggo nunjang kagayuhan tujuwan pasinaon.
- b. Sekolah kudune uga menahi motivasi, kalonggaran lan fasilitas marang para guru amprih luwih kreatif nalika migunakake medhia pasinaon.

(3) Kanggo Dhinas Pendidikan Daerah

- a. Dinas Pendidikan Daerah kudune kerep nganakake platihan – platihan para guru ngenani pentinge nggawe lan nggunakake medhia pasinaon supaya ningkatake mutu pendhidhikan.
- b. Dinas Pendidikan Daerah perlu ngenekake kagiyatan lomba kang ana

kaitane karo inovasi pasinaon utamane kang ngenani carane nggawe medhia pasinaon lan uga nggunakake metodhe pasinaon kang paling mutakhir.

Kapustakan

Akhadiyah, Sabarti, Maidar G. Arsyad, dan Sakura H. Ridwan. 1998. *Pembinaan Kemampuan Menulis Bahasa Indonesia*. Jakarta: Erlangga

Arsyad, Azhar. 1996. *Media Pembelajaran*. Jakarta: Rajawali Pers

Depdiknas. 2006. *Standar Kompetensi Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Indonesia SMP/MTs*. Jakarta: Depdiknas

Fauziah, 2006. *Peningkatan Kemampuan Menulis Puisi dengan Tata cara Pengamatan Objek Secara Langsung pada Siswa Kelas VII F 16 Semarang Tahun Pelajaran 2005/2006*. Skripsi Universitas Negeri Semarang

Hamalik, Oemar. 2012. *Proses Belajar Mengajar*. Jakarta: Bumi Aksara.

Hamdani, M.A. 2011. *Strategi Belajar Mengajar*. Bandung: CV Pustaka Setia

Herhyanto, Nar, dkk. 2011. *Statistika Pendidikan*. Jakarta: Universitas Terbuka.

Jabrohim,dkk. 2003. *Cara Menulis Kreatif*. Yogyakarta: Pustaka Belajar

Kosasih. 2008. *Apresiasi Sastra Indonesia*. Jakarta: PT Perca

Sadiman, Arief S, Rahardjo, Anung Haryaono, dan Rahardjito. 2009. *Media Pendidikan: Pengertian, Pengembangan dan Pemanfaatannya*. Jakarta: Rajawali Press

Subyantoro.2009. *Penelitian Tindakan Kelas*. Semarang: Universitas Diponegoro

Sudjana, Nana dan Ahamd Rivai. 2009. *Media Pengajaran*. Bandung: Sinar Baru Algensindo

Tarigan, Henry guntur. 1987. *Menulis sebagai suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung; Angkasa

Wiyanto, Asul. 2005. *Kesusastraan Sekolah*. Jakarta: Gramedia

Yamin, H. Martinis dan Bansi I. Ansari. 2012. *Taktik Mengembangkan Kemampuan Individual Siswa*. Jakarta: Referensi GP Press